



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENSTRIKSYON SIPLEMANTÈ POU RE-OUVÈTI POU
PLIZYÈ SEKTÈ AKOZ TO OSPITALIZASYON AK ENFEKSYON COVID-19 NEW
YORK LA KONTINYE AP DIMINYE**

Apati 5 mas, sal biya yo ka re-ouvri nan tout eta a; Sal sinema yo nan Vil New York pral re-ouvri tou

Apati 15 mas, maryaj ak òganizasyon evènman yo ka reprann nan tout eta a

Tout re-ouvèti yo soumèt ak pwotokòl sante ak sekirite ki strik

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke akòz to ospitalizasyon ak enfeksyon COVID-19 ki kontinye ap bese, New York ap pibliye enstriksyon pou kòmanse re-ouvri lòt sektè nan ekonomi an. Espesyalman sal biya nan tout eta a ak sineman nan Vil New York otorize kounye a pou re-ouvri. Anplis, enstriksyon yo te pibliye tou pou maryaj ak òganizasyon evènman ki prevwa pou rekòmanse nan dat 15 mas.

"Depi premye jou a, nou te di ke rekiperasyon COVID nou se pa yon chwa ant sante piblik ak ekonomi - se te toulede - e nan New York n ap demontre kijan pou fè sa nan tout sekirite epi nan fason ki entelijan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gras ak travay ti ak angajman tout Nouyòkè, to enfeksyon nou an se to ki pi ba nou te janm obsève nan twa mwa, epi an fonksyon de sa n ap re-ouvri plizyè aktivite lwazi kounye a atravè eta a ki enkli sal biya, maryaj ak sal sinema nan Vil New York. Pliske to enfeksyon nou an kontinye ap bese, epi to vaksinasyon an kòmanse ap ogmante, n ap kontinye re-ouvri diferan sektè nan ekonomi eta nou an epi konsantre efò nou sou rekonstriksyon eta nou an pi byen ke jan li te ye anvan."

Anplis, sal sinema yo ki te fèmen nan tout pati ki rete yo nan eta a, ka ouvri tou dapre enstriksyon an.

Rezime enstriksyon presi pou chak sektè se konsa:

OUVÈTI 5 MAS:

Sal Sinema nan Vil New York

- Lokal yo limite a 25 pousan kapasite yo, avèk pa plis pase 50 moun pa ekran alafwa.

- Li pral obligatwa pou mete mask tout tan eksepte lè moun chita ap manje oswa bwè.
- Yo pral egzije syèj asiyen nan tout sal sinema yo.
- Yo pral egzije distans sosyal ant pati yo tout tan.
- Yo pral oblije anplwaye anplis kontwole kantite moun ki okipe espas la, sikilsyon ak syèj yo pou asire konfòmite.
- Sal sinema yo dwe satisfè estanda filtraj lè, vantilasyon ak pirifikasyon amelyore yo.
- Mezi sa mete sal sinema Vil New York yo anliy ak sal sinema nan tout rès eta a.

Sal Biya / Pisin

- Sal yo limite ak 50 pousan kapasite yo deyò vil New York; 35 pousan kapasite yo nan Vil New York
- Li pral obligatwa pou mete mask tout tan eksepte lè moun chita ap manje oswa bwè.
- Distans sosyal obligatwa dwe aplike, oswa baryè fizik ant pati yo kliyan / jwè dwe enstale.
- Yo dwe atribye chak pati yo yon tab pou evite melanj.
- Anplwaye yo dwe netwaye epi dezenfekte strikteman tout ekipman ki lwe oubyen pataje ant itilizasyon yo.

APATI 15 MAS:

Maryaj ak Evènman Òganize yo

- Lokal yo limite ak kapasite 50, avèk pa plis pase 150 moun pa evènman.
- Tout kliyan yo dwe fè tès anvan evènman an.
- Idantifikasyon avèk enfòmasyon pou kontakte obligatwa pou ede retrase kontak la potansyèlman.
- Lokal yo dwe avize depatman sante lokal yo de gwo evènman yo, ki depase limit rasanbleman sosyal la, alavans.
- Li pral obligatwa pou mete mask tout tan eksepte lè moun chita ap manje oswa bwè.
- Dans seremoni epi ak distans sosyal otorize sou enstriksyon ki strik.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)